



Pou Piblikasyon Imedya: 30/05/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 55 MILYON DOLA POU EDE JÈN KI AN RISK YO ANTRE NAN MENDÈV LA ETE SA

Pwogram Travay pou Jèn yo Pandan Ete bay travay ak fòmasyon valab pou jèn yo

Bidjè Ane Fiskal 2025 la ogmante finansman pou pwogram nan, ki pral sipòte anplwa pou yon estimasyon 20,000 jèn ki soti nan fanmi ki gen revni ki ba nan ete sa a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yo prevwa plis pase 20,000 jèn ki soti nan fanmi ki gen revni fèb yo pral travay atravè eta a pandan ete sa a atravè Pwogram Travay pou Jèn yo Pandan Ete (Summer Youth Employment Program) nan Eta New York. Biwo Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) la ap distribye 55 milyon dola, yon ogmantasyon 7.9 milyon dola sou ane pase, nan tout 57 konte yo ak Vil New York pou ede jèn ki otremman pa ta gen aksè ak travay ete k ap antre sou mache travay la, jwenn konpetans pwofesyonèl ak eksplòre chemen karyè posib.

"Pwogram Travay Ete pou Jèn yo Pandan Ete a ede jèn Nouyòkè yo jwenn bon djòb ete ki pral ba yo eksperyans ak konpetans ki gen anpil valè pou ede prepare yo pou travay alavni yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pou anpil patisipan, se a pral premye fwa yo nan mendèv la, epi nouvo eksperyans sa yo pral ede yo anpil pandan y ap pouswiv objektif edikasyon ak karyè yo nan laj adilt yo."

Pwogram Travay Lete pou Jèn yo sipòte kominote yo nan tout Eta a nan kreye djòb lete pou jèn yo ki soti nan fanmi ki gen revni fèb yo. Patisipan yo travay nan djòb nivo antre nan kote tankou pak, kan ete, òganizasyon gadri, sant kiltirèl, enstalasyon edikatif ak òganizasyon kominotè, pou site sa yo sèlman.

Pou ka elijib pou pwogram nan, jèn yo dwe gen ant 14 ak 20 ane epi yo dwe yon manm nan yon kay ki gen yon revni ki pi ba pase 200 pousan nivo povrete federal la, ki varye selon gwosè kay la epi, pa egzanp, se 51,640 dola pou yon fanmi ki gen twa moun.

Bidjè Ane Fiskal 25 la te enkli yon ogmantasyon 7.9 milyon dola pou pwogram nan sou ane pase a pou adrese ogmantasyon salè minimòm yo ak pou ogmante kantite patisipan yo. Pwogram nan te sèvi plis pase 18,400 jèn ete pase a.

Komisè Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape a, Barbara C. Guinn, te deklare, "Lè li ofri travay ki gen sans pou jèn moun ki soti nan fanmi ki pa gen anpil revni yo, Pwogram Travay pou Jèn yo Pandan Ete a bay non sèlman yon chèk, men tou potansyèl pou eksperyans ak fòmasyon k ap chanje lavi ki ka ede jèn nou yo rete sou chemen siksè. Jèn ki patisipe yo pral aprann oswa devlope plis konpetans enpòtan tankou fyabilite, kapasite pou yo fè tach yo, kijan pou yo reyalize objektif nan tèt ansanm kòm yon pati nan yon ekip nan yon anviwònman biznis, ak jesyon finansye pèsònèl ak bidjetizasyon."

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare, "Aksè nan travay ete enpòtan anpil pou jèn moun, espesyalman pou moun ki an risk, sa ki ba yo eksperyans valab ki pral benefisye yo pandan tout lavi yo. Gras ak sipò Gouvènè Hochul, pwogram sa a ofri yon gwo opòtinite pou jèn Nouyòkè yo jwenn konpetans yo bezwen pou yo reyisi epi kontribye nan kominote yo."

Komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl la, Rossana Rosado, te deklare, "Anplwa pandan ete ka ofri adolesan ak jèn adilt eksperyans ki ouvri nouvo posiblite pou mond pa yo a. Pwogram Travay pou Jèn yo Pandan Ete a nan eta a se yon eleman enpòtan nan plan konplè Gouvènè Hochul pou amelyore sekirite piblik la. Lè nou ogmante opòtinite pou moun, nou ede ranfòse ak geri kominote yo."

Komisè Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi an, DaMia Harris-Madden, te deklare, "Eksperyans travay jèn yo pandan ete yo gen anpil valè pandan y ap prepare jèn yo pou evantyèl oto-sifizans atravè entwodiksyon nan espas travay la ak nan devlopman konpetans. Pwogram Travay pou Jèn yo Pandan Ete a anpeche move itilizasyon tan san sipèvizyon, bay yon altènativ fas ak mwayen ilegal pou fè lajan, epi li ekspoze jèn yo ak pwofesyonèl endistri yo. Nou gen chans epi nou rekonesan pou nou gen yon Gouvènè ak Lejislati ki rekonèt enpòtans krisyal pou envesti nan opòtinite travay pou jèn yo pandan ete."

Konte	Finansman
Albany	\$757,117
Allegany	\$217,118
Broome	\$632,480
Cattaraugus	\$314,060
Cayuga	\$224,893
Chautauqua	\$479,107
Chemung	\$252,867
Chenango	\$170,250
Clinton	\$244,683
Columbia	\$129,662
Cortland	\$164,546
Delaware	\$144,070

Dutchess	\$601,494
Erie	\$2,526,837
Essex	\$91,710
Franklin	\$184,119
Fulton	\$171,867
Genesee	\$137,334
Greene	\$134,290
Hamilton	\$13,561
Herkimer	\$194,080
Jefferson	\$350,717
Lewis	\$95,334
Livingston	\$192,155
Madison	\$206,864
Monroe	\$2,107,618
Montgomery	\$170,222
Nassau	\$1,761,264
Niagara	\$554,402
NYC	\$28,545,251
Oneida	\$703,618
Onondaga	\$1,356,411
Ontario	\$248,271
Orange	\$1,041,629
Orleans	\$133,742
Oswego	\$457,852
Otsego	\$217,349
Putnam	\$105,921
Rensselaer	\$379,114
Rockland	\$955,097
Saratoga	\$324,921
Schenectady	\$356,458
Schoharie	\$95,391
Schuyler	\$56,356
Seneca	\$116,660
St. Lawrence	\$479,824
Steuben	\$302,050
Suffolk	\$2,249,694
Sullivan	\$236,257
Tioga	\$137,738
Tompkins	\$430,964
Ulster	\$405,718
Warren	\$124,616
Washington	\$164,838
Wayne	\$237,020

Westchester	\$1,701,033
Wyoming	\$126,207
Yates	\$85,279
Total	\$55,000,000

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)